

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah “Wawacan Purwadaksina” nu kapanggih di Désa-Kecamatan Ciwidey, Kabupatén Bandung. Ieu naskah mangrupa warisan jeung arsip pribadi kagungan Bapa Chandra Purnama Komara, S.Pd. nu ditulis dina wangun puisi, ngagunakeun aksara Pégon tur basa nu digunakeunana nyaéta basa Sunda. Kandel naskahna 147 kaca, diwangun ku 7 pupuh sarta 865 pada. Kaayaan naskah kawilang alus kénéh, masih bisa dibaca sanajan aya sababaraha bagian anu sowéh.

Hal anu mimiti dilakukeun dina ieu panalungtikan nya éta prosés transliterasi anu nyoko kana buku padoman *Transliterasi, Edisi, dan Terjemahan: Aksara Sunda Kuna, Buda, Cacarakan, dan Pegon*. Tina hasil transliterasi, kapanggih sababaraha kecap anu teu luyu jeung éjahan basa Sunda kiwari saperti siyeun, ngeusiyen, papakéyan, téya, kadiyeu, kiyeu, saruwa, uwang, duwa, powék, jrrd. Éta kecap téh tuluy diluyukeun jeung éjahan jaman kiwari ku cara ngaleungitkeun vokal y jeung w na. Sanggeus kitu, éta data téh diolah pikeun mikanyaho idéntitas naskah sarta bisa ngadéskripsikeun waruga naskah. Sabada ngadéskripsikeun naskah, tuluy kana prosés analisis ajén kaagamaan nu satuluyna dilarapkeun pikeun bahan pangajaran.

Ajén kaagamaan nu kapanggih dina ieu naskah dipasing-pasing dumasar kana sumber ajaran Islam, nyaéta akidah, syari’at, jeung ahlak. Anu kaasup kana akidah di antarana nyebut asma Alloh nalika rék ngamimitian hiji hal, to’at kana saréat Nabi Muhammad saw, manusa nu apal ka dirina tangtu apal ka Allohna, mikawanoh sipat-sipat wajib, mohal, jeung wenang di Alloh sarta apal kana rukun iman. Anu kaasup kana syari’at di antarana kawajiban pikeun méré maskawin, hukum janabat, hukum ngabunuh, hukum jinah jeung paréntah pikeun nyiar élmu. Sedengkeun anu kaasup kana ahlak di antarana ahlak istri ka carogé, larangan ngahina jalma lian, ulah takabur, kudu bakti ka ibu rama jeung guru, jeung étika dina narima tamu.

Dumasar kana data anu geus dipedar di luhur, katitén yén ngaliwatan Kompetensi inti jeung Kompetensi dasarna, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan pangajaran di SMA kelas XI dina semester 2, nyaéta bahan pangajaran maca wawacan, nu dipidangkeun ngaliwatan cutatan/penggalan téks wawacan.

5.2 Implikasi

Hasil transliterasi dina ieu panalungtikan bisa dipaké pikeun prosés masarakat bisa maham maca aksara Arab Pégon kana aksara Latén. Tuluy tina hasil analisis bisa dipaké pikeun ngajembaran pangaweruh dina widang sastra, hususna dina karya sastra Sunda. Ajén kaagamaan nu kapanggih dina ieu naskah bisa dijadikeun pikeun pieunteungeun hirup ogé pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan sawatara hal dina ngahontal bebeneran sarta bisa dijadikeun minangka bahan pangajaran wawacan di SMA.

5.3 Rékomendasi

Unggal panalungtikan pasti aya kahéngkérán jeung kaonjoyan séwang-séwangan. Kitu ogé ieu panalungtikan, tangtu masih loba kahéngkérán. Sanajan kitu, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa ngeuyeuban pangaweruh kana salasihiji karya sastra heubeul.

Dumasar kana hasil panalungtikan, aya sababaraha rékoméndasi pikeun sababaraha pihak anu patali jeung ieu panalungtikan. Éta hal téh diwincik saperti ieu di handap.

- 1) Pikeun masarakat, dipiharep bisa mikawanoh kana naskah, lantaran naskah téh salasihiji karya sastra nu eusina bisa méré informasi pikeun masarakat di jaman kiwari.
- 2) Pikeun mahasiswa, hususna mahasiswa Prodi Pendidikan Bahasa Sunda, ieu panalungtikan dipiharep bisa dijadikeun référénsi hususna dina widang nu aya patalina jeung ulikan filologi sarta bahan pangajaran.
- 3) Pikeun guru, dipiharep bisa dijadikeun référénsi minangka bahan pangajaran materi wawacan di kelas XI SMA.

Pikeun panalungtik satuluyna, panalungtikan nu sarua nu maluruh ngeunaan transliterasi naskah perlu dilaksanakeun deui, leuwih hadé deui upama ajén nu diguar dina naskahna lain ajén kaagamaan wungkul.